



Enfòmasyon an Brèf

Kisa RegisterToVoteFlorida.gov la ye?

Sistèm Enskripsyon Votè Anliy Florid la pèmèt rezidan Florid ki elijib yo enskri pou vote oswa mete ajou yon dosye enskripsyon yo genyen deja gras a yon sit wèb sekirize - RegisterToVoteFlorida.gov. Lejislati Florid la te egzije pou Eta a kreye yon sistèm enskripsyon votè anliy k ap kapab sèvi disi 1^{ye} oktòb 2017. Gade [Chapit 2015-36, Lwa Florid yo](#). Florid vin fè pati apeprè 35 lòt eta plis Distri Columbia a nan ofri enskripsyon votè anliy kòm opsyon pou rezidan yo.

RegisterToVoteFlorida.gov ofri rezidan Florid yo yon opsyon anliy sekirize ak fasil pou enskri pou vote oswa pou mete ajou yon dosye enskripsyon votè. Sit wèb la respekte ADA, li gen fonksyon aksesib pou moun ki gen andikap, epi li disponib nan lang angle ak panyòl.

Kiyès Ki Kapab Sèvi Avèk RegisterToVoteFlorida.gov?

Si ou se yon rezidan Florid epi ou nòmalman elijib, ou kapab sèvi avèk RegisterToVoteFlorida.gov pou enskri pou vote, oswa pou mete ajou dosye enskripsyon votè ou deja genyen an.

Pou plis enfòmasyon sou kondisyon yo pou enskri pou vote nan eta Florid, tanpri vizite [paj wèb Enskri pou Vote oswa Mete Enfòmasyon Ou Ajou](#) Depatman Deta Florid la.

Kijan Pou Yon Moun Sèvi Avèk RegisterToVoteFlorida.gov?

Sèvi avèk RegisterToVoteFlorida.Gov se yon bagay senp, rapid, ak fasil. Ou kapab sèvi avèk sit wèb la de (2) jan:

- Pou soumèt yon demann enskripsyon votè anliy pou enskri pou vote oswa pou mete ajou yon dosye enskripsyon, oswa
- Pou ranpli yon fòmilè demann enskripsyon votè ou kapab enprime, siyen, ak livre bay Sipèvizè Eleksyon konte w lan.

Ou kapab al sou sit la avèk navigatè entènèt estanda yo, tankou paregzanp Internet Explorer, Firefox, ak Chrome. Sit la konpatib avèk aparèy mobil.

Pou kòmanse, al sou [RegisterToVoteFlorida.gov](#).

Lè ou fin antre sou sit la, annik swiv enstriksyon ki sou ekran an.